



Pou Piblikasyon Imedya: 03/05/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN LEJISLASYON POU LIMITE MACHE ILEGAL KANABIS
NAN ETA NEW YORK NAN BIDJÈ ANE FISKAL 2024 LA**

***Nouvo lwa yo bay Biwo Jesyon Kanabis ak Depatman Fiskalite ak Finans lan
pouvwa pou pran mezi kont dispansè ki pa gen lisans yo
Penalite yo gen ladan amann jiska 20,000 dola pa jou***

***OCM ka sezi pwodui ak mande enjonksyon pou fèmen magazen ilegal yo; DTF ka
bay amann ak penalite pou taks ki pa peye yo***

Gouvènè Kathy Hochul te pwopoze jodi a nouvo lejislasyon pou ogmante sanksyon sivil ak fiskal pou lavant kanabis san lisans ak ilegal nan New York nan kad bidjè ane fiskal 2024 la. Lejislasyon an, ke Gouvènè a te premye pwopoze nan mwa mas la, bay pouvwa kontwòl adisyonèl a Biwo Jesyon Kanabis la (Office of Cannabis Management, OCM) ak Depatman Fiskalite ak Finans (Department of Taxation and Finance, DTF) lan plis pouvwa pou fè respekte nouvo kondisyon règlemantè yo epi fèmen magazen ki angaje nan lavant kanabis ilegal yo.

"Pandan Eta New York kontinye deplwaye yon modèl nasyonal pou etabli endistri kanabis li a, mezi kontwòl enpòtan sa yo pral pwoteje Nouyòkè yo kont lavant ilegal ak iregilye", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Dispansè ki pa gen lisans vyole lwa nou yo, mete sante piblik an risk, epi febli mache legal kanabis la. Avèk zouti kontwòl sa yo, nou ap ouvri wout pou pwodwi ki pi an sekirite, re-estiman nan kominote ki te andire plizyè ane kontwòl ki pa pwopòsyonèl ak pi gwo opòtinite pou Nouyòkè yo".

Lejislasyon an pèmèt Biwo Jesyon Kanabis ak Depatman Fiskalite ak Finans lan pou limite lavant ak/oswa bay kanabis ki soti nan magazen ak kamyon ki pa gen lisans atravè Eta New York. Espesyalman, chanjman sa a nan lwa eta a pral pèmèt Biwo Jesyon Kanabis la evalye penalite sivil kont biznis Kanabis ki pa gen lisans k ap diminye efò yo, avèk amann jiska 20,000 dola pa jou pou konpòtman ki pi flagran yo. Lejislasyon sa a tou fè li yon krim pou vann kanabis ak pwodwi abaz kanabis san yon lisans.

Anplis de sa, lejislasyon sa a pral ranfòse kapasite Biwo Jesyon Kanabis la pou fè enspeksyon règlemantè biznis k ap vann kanabis ak pwodwi abaz knabis, ansanm ak biznis k ap vann ak bay kanabis ak pwodui abaz knabis nan fason endirèk, tankou sa yo rele "magazen otokolan" yo. Biwo Jesyon Kanabis la pral sezi kanabis ak pwodwi abaz

kanabis ki pa teste nan men biznis ki pa gen lisans, epi li pral chèche lòd tribinal, lòd pou fèmen, ak retire lokatè komèsyal ki ap vann kanabis ak pwodwi abaz kanabis san lisans apwopriye.

Kounye a Depatman Fiskalite ak Finans lan pral kapab fè enspeksyon règlemantè nan biznis k ap vann kanabis pou detèmine si yo te peye taks apwopriye epi yo pral kapab enpoze penalite sivil nan ka kote taks apwopriye yo pa te peye. Lejislasyon an etabli tou yon nouvo krim fwod taks pou biznis ki volontèman pa kolekte oswa remèt taks kanabis obligatwa yo, oswa ki genyen entansyonèlman pou vann nenpòt kanabis kote taks yo dwe peye men pa te fè sa.

Direktè Egzekitif Biwo Jesyon Kanabis la, Chris Alexander, te deklare, "Jodi a, Eta a te pran yon etap nesès pou pwoteje sante piblik Nouyòkè yo epi pou sipòte endistri kanabis nan eta nou an k ap grandi. Mwen apresye Gouvènè Kathy Hochul, Lidè Majorite Sena a Andrea Stewart-Cousins ak Prezidan Asanble Carl Heastie paske yo te demontre angajman yo pou yo etabli mache kanabis ki pi ekitab nan nasyon an. Lejislasyon jodi a pral fè avanse objektif sa yo lè li bay Biwo Jesyon Kanabis la pouvwa reyèl pou fèmen biznis k ap eseye dezobeyi lwa nou yo epi asire ke kominote yo te pwomèt lajan pou re-entansyon yo pa manke".

Komisè pa Enterim Enpo ak Finans Eta New York la, Amanda Hiller, te deklare, "Ranfòse lwa sou taks yo jan yo konsène endistri kanabis ak egzekisyon kontwòl solid ak jis yo pral ede endistri a gen siksè alontèm".

OCM te akòde 165 lisans jiska dat kote gen plis yo dwe akòde nan mwa sa a nan reyinyon Konsèy Kontwòl Kanabis la. [Genyen kounye a uit dispansè ki gen siksè](#) ak yon operasyon livrezon nan Eta a, ki gen ladan òganizasyon san bi likratif, antreprenè ak yon biznis yon fanm posede nan Manhattan ak Queens, antreprenè nan Ithaca ak Schenectady, yon òganizasyon san bi likratif nan Binghamton ak premye biznis livrezon eta a nan Albany, avèk plis dispansè ki pral ouvri nan semèn ak mwa k ap vini yo. Tout dispansè ki règlemante, ki gen lisans yo dwe poste [Zouti Verifikasyon Dispansè](#) a toupre antre prensipal yo a.

Nan 18 avril, Gouvènè Hochul [te anonse lansman "Why Buy Legal New York" \(Poukisa pou Achte Legal nan New York\)](#) pou ankouraje acha kanabis ki pi an sekirite, ki enfòmè epi ki legal nan dispansè ki gen lisans yo nan Eta New York. Kanpay edikasyon piblik sa a bay enfòmasyon sou fason pou jwenn dispansè legal nan New York ak bay konsèy sou fason pou konsome kanabis san danje. Materyèl yo disponib nan:

<https://cannabis.ny.gov/consumers>.

###